



GID POU IMIGRAN

Kôman pou jwenn aksè a benefis
sosyal yo nan Chili?



Chile
te recibe

Plan de Atención a Migrantes
Gobierno de Chile

K W E Y Ò L V E S Y O N



Diseño y diagramación:
División de Gobierno Interior (DGI)
Ministerio del Interior y Seguridad Pública
Gobierno de Chile

Este documento es traducción de la **Guía para Migrantes** publicada por el Ministerio del Interior. Fue realizada por la empresa **Speech Asesoría en Idiomas** y revisada por Emmanuel Alcenard, experto lingüístico.

Dokiman sa a se tradiksyon **Guía para Migrantes** pibliye pa Ministerio del Interior. Ki te reyalize pa antrepriz **Speech Asesoría en Idiomas** epi ki revize pa Emmanuel Alcenard, ekspe langistik.

Premye Edisyon Novanm 2017

Distribisyon Gratis.



GID POU IMIGRAN

Kòman pou jwenn aksè a benefis
sosyal yo nan Chili?



Plan de Atención a Migrantes
Gobierno de Chile

Tab Matyè

Prezantasyon

I. Tip Viza.....	8
1. Viza tanporè	9
1.1. Viza tanporè pou timoun ak adolesan.....	9
1.2. Viza tanporè pou rezon travay.....	13
1.3. Viza tanporè pou yon etranje ki gen rapò ak yon manm fanmi ki gen rezidans pèmanan.....	17
1.4. Viza pou sitwayen Mercosur.....	21
1.5. Viza nan pwovens Antofagasta.....	23
1.6. Lòt Viza tanporè.....	23
2. Definitif pèmanan.....	24
3. Kouman pou jwenn yon chanjman oswa ekstansyon nan viza ou an?.....	25
II. Edikasyon.....	27
1. Kouman sistèm edikasyon an òganize nan peyi Chili?.....	27
2. Ki dwa timoun etranje ak adolesan gen nan peyi Chili?.....	28
3. Kisa mwen ka fè si dwa sa yo pa respekte?.....	28
4. Kisa ki ap pase ak elèv ki pa ka valide etid yo fè nan peyi yo?.....	29
5. Kouman jèn ak granmoun imigran ka etidye nan peyi Chili?.....	29
III. Aksè nan swen sante.....	30
1. Nan kisa dwa moun nan Sante konsiste?.....	30
2. Kouman sistèm sante Sosyal la òganize?.....	31
3. Kisa kap pase si mwen nan yon sitiyasyon iregilye epi mwen pa gen okenn resous?... 31	
4. Si mwen pa gen resous, ki enstalasyon sante piblik ke mwen ka gen aksè?.....	32
5. Kisa mwen ta dwe fè pou pran swen, si mwen pa gen yon viza epi mwen pa gen resous yo?.....	32
6. Ki benefis mwen kapab jwenn?.....	33
7. Ki dwa "Lwa Dwa ak dewwa pasyan" an garanti?.....	34
8. Ki dwa timoun, adolesan ak fanm ansent yo genyen?.....	34

IV. Travay.....35

1. Ki dwa travay imigran nan peyi Chili?..... 35
2. Kisa yon kontra travay ye? Èske mwen ka mande li lè mwen kòmanse travay?..... 36
3. Ki karakteristik kontra travay genyen pou imigran yo?..... 37
4. Ki dire de tan yon jou travay dire nan peyi Chili?..... 37
5. Kisa kap pase si dwa travay mwen yo pa respekte?..... 38
6. Èske mwen bezwen gen yon pèmi pou mwen travay nan Chili?..... 38
7. Ki sitiyasyon pansyon travayè etranje yo nan peyi Chili?..... 39
8. Kisa ki ap pase si yon patwon pa peye kontribisyon yon travayè etranje?..... 39
9. Kisa ki ap pase si ou travay pandan ou nan yon sitiyasyon iregilye?..... 40
10. Kisa ki asirans aksidan ak maladi profesyonèl?..... 40
11. Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen yon aksidan travay?..... 40

V. Lojman.....42

1. Ki sa mwen bezwen pou aplike pou Ministè Lojman ak pwogram Devlopman Iben?.. 42
2. Pou Ki pwogram aktyèl mwen ka aplike?..... 43
3. Kòm yon etranje, mwen ka resevwa sipò pou lwe yon kay?..... 43
4. Kòman pwogram lwe kay la fonksyone?..... 44

VI. Aksè nan Jistis.....45

1. Kisa ki Kòporasyon asistans jidisyè?..... 45
2. Kisa Biwo Defansè Piblik la ye?..... 46
3. Si mwen se yon etranje, mwen gen dwa pou yon avoka defann mwen?..... 47
4. Ki dwa yon akize etranje genyen?..... 47
5. Kisa defans penal piblik la bay?..... 47
6. Kisa pou mwen fè si mwen resevwa yon lòd ekspilsyon?..... 48

VII Biwo Imigrasyon nan Pwovens yo.....49



ATANSYON!

- Mo ki make an koulè **jòn abriko** yo, ou ap jwenn definisyon yo nan yon ti diksyonè oubyen glosè ke ou ap ka jwenn nan vèsyon PDF ke ou ka dechaje nan paj web sa www.planmigrantes.gov.cl
- Konsidere ke kèk pwosesis ki gen rapò ak viza yo prezante diferans si ou fè yo nan **Santiago**, oswa **deyò vil sa a**. Pou rezon sa a, èd vizyèl yo te enkòpore nan Chapit 1 Gid la pou ou byen idantifye enfòmasyon ki koresponn ak adrès ou an.
- Materyèl sa a bay enfòmasyon yo ajou nan mwa dawout 2017. Si ou gen dout oswa chanjman nan règleman, tcheke sit wèb www.extranjeria.gob.cl
- Li rekòmande pou w tcheke sit entènèt lòt ministè yo ak ajans yo ki ofri pwogram pou imigran yo. Sit entènèt sa yo mansyone nan diferan chapit gid sa a.
- Gid sa itilize mo imigranan ni pougason ni pou fanm. Sa fèt konsa on fason pou ka fasilite lekti a ak konpreyansyon sou enfòmasyon yap bay lan.

PREZANTASYON

Moun ki deside imigre nan Chili dwe jwenn pèmi oswa viza ki otorize rete yo nan peyi a, le pli vit ke posib lè yo rive. Otorizasyon sa yo delivre pa Ministè Enteryè ak Sekirite Piblik nan Depatman Imigrasyon ak Migrasyon nan Santiago¹, ak nan gouvènman pwovens yo nan rès peyi a.

Akòz gwo kantite enfòmasyon ak diferans ki egziste ant peyi yo, li ka difisil pou konprann kondisyon ak etap ke ou dwe swiv pou jwenn yon viza.

Se poutèt sa gid sa a te prepare, ki gen enfòmasyon ki nesèsè yo pou ou ka byen fè pwosesis regilasyon migratwa ou yo. La a ou pral jwenn enfòmasyon sou diferan pèmi rezidans yo ki egziste nan peyi Chili, yon glosè ak diferan tèm ki itilize nan gid lan ak siyifikasyon yo, ak adrès biwo nou yo nan tout teritwa nasyonal la.

Li gen ladan tou enfòmasyon sou benefis ak dwa sosyal ou ka jwenn nan Chili ki gen rapò ak Edikasyon, Sante, Travay, Lojman ak Jistis. Nou espere ke materyèl sa a pral itil oumenm ak fanmi ou, epi ede ou gen yon bon kalite lavi nan peyi Chili.

Plan de Atención a Migrantes
División de Gobierno Interior

¹ 32 komin sa yo ki fome provens Santiago a, se: Santiago, Independencia, Conchalí, Huechuraba, Recoleta, Providencia, Vitacura, Lo Barnechea, Las Condes, Ñuñoa, La Reina, Macul, Peñalolén, La Florida, San Joaquín, La Granja, La Pintana, San Ramón, San Miguel, La Cisterna, El Bosque, Pedro Aguirre Cerda, Lo Espejo, Estación Central, Cerrillos, Maipú, Quinta Normal, Lo Prado, Pudahuel, Cerro Navia, Renca, Quilicura.



I. TIP VIZA

Nan Chili, moun ki aplike pou yon viza yo rele yo **detantè**, et fanmi ki dirèk yo ki akonpaye yo, yo rele **depandan**. Depandan yo pa otorize pou travay nan peyi a.

Gen twa kalite viza:

- **Tanporè**, ke yo akòde pou jiska yon lane;
- **Sijè a kontra**, ke yo akòde pou jiska de lane;
- Viza **etidyan** yo, ke yo bay pou yon lane, epi yo ka pwolonje jouk pati ki enterese an konkli etid yo.

Aprè ou finn gen nenpòt nan otorizasyon sa yo, ou ka aplike pou **rezidans pèmanan**, ki, menm jan non li di an, se endefini.

Pou moun ki fè aplikasyon viza yo nan **Santiago**, yo dwe soumèt aplikasyon yo ak dokiman yo pa lapòs (Correo) **pa yon lèt sètifye** nan **Clasificador N°8**, Correo Central, Santiago.

Pou moun ki fè pwosesis la nan tout lòt zòn nan peyi an ki pa Santiago, yo dwe ale pèsonèlman nan **Biwo Imigrasyon** ki nan pwovens lan ki depann de **gouvènman nan pwovens lan**.

Si ou nan vil Antofagasta, ou dwe voye dokiman ki obligatwa a nan (kazyè) **Clasificador 31, Correo Antofagasta. (Lapòs)**

Konsidere ke kèk nan kondisyon yo pou diferan kalite viza ta ka modifye pa chanjman nan règleman yo. Pou rezon sa a, detanzantan revize sit www.extranjeria.gob.cl

1. VIZA TANPORÈ

1.1. VIZA TANPORÈ POU TIMOUN AK ADOLESAN

a. Pou ki moun viza sa ye?

Li fèt pou minè, kèlkeswa aktivite yo.

SANTIAGO

b. Si mwen nan Santiago, ki dokiman mwen bezwen pou mwen aplike pou viza sa a?

Pou aplike pou yon viza tanporè pou timoun oswa adolesan nan Santiago, ou dwe voye dokiman sa yo atravè **lèt sètifye** nan Clasificador N° 8, Correo Central, Santiago.

1. **Fòmilè aplikasyon pou viza tanporè**, konplètman ranpli epi siyen. Fòm sa a li disponib sou sit entènèt la nan Depatman imigrasyon ak migrasyon: www.extranjeria.gob.cl/tipos-de-residencia-temporaria/#capitulo22
2. Yon fotokopi **paspò** a (fèy papyè idantifikasyon an, nimewo ak dat yo te ba ou li an ak dat lap fini, ak fèy ki gen so antre an).
3. Yon fotokopi Paj **Viza touris** la, lè sa aplikab.

4. Si ou te antre nan peyi a ak yon lòt dokiman idantifikasyon, ou dwe tache yon fotokopi (kat idantite, DNI oswa lòt).
5. Yon fotokopi **dènnye kat touris lan**. Kat Touris la se yon fòmilè ki pèmèt antre ak sòti nan Chili pou rezon touris. Se polis Envestigasyon (PDI) ki bay li lè yap fè kontwòl imigrasyon nan nenpòt ki ayewopò oswa fwontyè. Si ou pèdi li, ou ka mande yon kopi nan biwo yo nan Polis Entènasyonal (ELEUTERIO Ramírez No 852, Santiago).
6. Yon **foto resan**, gwosè kat (3x4 cm), nan koulè, ak nonw konplè ak nimewo paspò.
7. **Batistè** ki endike non paran yo, ki legalize epi ak so, orijinal oswa fotokopi otorize pa yon notè.
8. **Yon deklarasyon legal youn nan paran yo**, ki endike ke li gen gad timoun lan oswa adolesan an. Nan ka ou pa ta gen deklarasyon devan notè an, nan moman yap bay timoun nan viza a, tou de paran yo dwe ale ak dokiman idantite yo.
9. Nan ka minè ki pa akonpaye ak paran li yo, moun nan dwe pote dokiman legal ki pwouve ke li gen gad timoun nan. Nan ka ke titè a se yon etranje, li dwe pwouve sityasyon rezidans li nan peyi an.

Yon fwa yo ap travay sou aplikasyon an, yo ap voye yon kopi ak yon so sou adrès ou. Anvan ou resevwa notifikasyon sa yo pa lapòs, ou ka tcheke estati aplikasyon ou an nan lyen sa <https://consultas.extranjeria.gob.cl/index.action>

PROVINCIAS

c. Si ou aplike pou vizanan youn nan biwo Imigrasyon nan pwovens yo, ou dwe prezante dokiman sa yo:

1. De fotokopi **paspò** (fèy idantifikasyon, nimewo ak dat yo te ba ou li an ak dat lap fini, ak fèy ki gen so antre an). Anplis de sa, ou dwe montre paspò orijinal la.
2. Yon fotokopi Paj **Viza touris** la, lè sa aplikab.
3. Nan ka ke ou te antre nan peyi an ak yon lòt dokiman idantifikasyon, ou dwe mete yon fotokopi (kat idantite, kat DNI oswa lòt).

4. De fotokopi dènve **kat touris**. Kat Touris la se yon fòmilè ki pèmèt ou antre ak sòti nan Chili pou rezon touris. Se li yo ba ou nan kontwòl imigrasyon nan nenpòt ki ayewopò oswa fwontyè ou travèse. Ou dwe montre orijinal kat Touris la tou.
5. De **foto resan**, gwochè kat (3x4 cm), nan koulè, ak non konplè ak nimewo paspò.
6. **Batistè** ki endike non paran yo, ki te legalize et ki gen so sou yo, orijinal oswa fotokopi otorize pa yon notè.
7. **Yon deklarasyon legal** youn nan paran yo, ki endike ke li gen gad timoun lan oswa adolesan an. Nan ka ou pa ta gen deklarasyon devan notè an, nan moman yap bay timoun nan viza a, tou de paran yo dwe ale ak dokiman idantite yo.
8. Nan ka minè ki pa akonpaye ak paran li yo, moun nan dwe pote dokiman legal ki pwouve ke li gen gad timoun nan. Nan ka ke titè a se yon etranje, li dwe pwouve sityasyon rezidans li nan peyi an.

d. Si mwen Antofagasta ki dokiman mwen ap bezwen?

Ou dwe voye dokiman sa yo pa lèt ki sètifye nan **Clasificador N° 31, Correo Antofagasta (lapòs)**, epi espesifye ki pwosèsis wap fè an.
Dokiman wap bezwen yo sé:

1. Fòmilè **aplikasyon pou viza tanporè**, konplètman ranpli epi siyen. Fòm sa a li disponib sou sit entènèt la nan Depatman imigrasyon ak migrasyon: www.extranjeria.gob.cl/tipos-de-residencia-temporaria/#capitulo22
2. Yon fotokopi **paspò** a (fèy papye idantifikasyon an, nimewo ak dat yo te ba ou li an ak dat lap fini, ak fèy ki gen so antre an).
3. Yon fotokopi Paj **Viza touris** la, lè sa aplikab.
4. Si ou te antre nan peyi a ak yon lòt dokiman idantifikasyon, ou dwe tache yon fotokopi (kat idantite, DNI oswa lòt).
5. Yon fotokopi **dènve kat touris lan**. Kat Touris la se yon fòmilè ki pèmèt antre ak sòti nan Chili pou rezon touris. Se polis Envestigasyon (PDI) ki bay li lè yap fè kontwòl imigrasyon nan nenpòt ki ayewopò oswa fwontyè. Si ou pèdi li, ou ka mande yon lòt nan biwo Polis Entènasyonal la.

6. Yon **foto resan**, gwosè kat(3x4 cm), nan koulè, ak nonw konplè ak nimewo paspò.
7. **Batistè** ki endike non paran yo, ki legalize o **tenbre** orijinal oswa fotokopi otorize pa yon notè.
8. **Yon deklarasyon legal youn nan paran yo**, ki endike ke li gen gad timoun lan oswa adolesan an. Nan ka ou pa ta gen deklarasyon devan notè an, nan moman yap bay timoun nan viza a, tou de paran yo dwe ale ak dokiman idantite yo.
9. Nan ka minè ki pa akonpaye ak paran li yo, moun nan dwe pote dokiman legal ki pwouve ke li gen gad timoun nan. Nan ka ke titè a se yon etranje, li dwe pwouve sityasyon rezidans li nan peyi an.

Si ou nan nenpòt nan pwovens sa yo: Arica, Iquique, Antofagasta, El Loa, Copiapó, Elqui, Valparaíso, San Antonio, Chacabuco, Melipilla, Maipo, Cachapoal, Curicó, Concepción, Magallanes, wap bezwen sèlman **yon fotokopi paspò a, yon fotokopi kat touris la ak yon foto**.

e. Li enpòtan pou w konsidere:

- Si dokiman Ou bay yo fèt deyò Chili, yo dwe byen Anote oswa otantifye pa Konsila Chilyen nan peyi orijin Ou a.
- Anplis de sa, si sa aplikab, yo dwe tradui ak legalize pa Ministè Afè Etranjè nan Chili. (Si dokiman yo ekri nan lang anglè, fransè, Italyen oswa Pòtigè, tradiksyon an pa nesesè).
- Benefis viza pou timoun nan pa pou lòtmoun nan gwoup fanmi an. Si nenpòt manm ngenan fanmi an nankondisyon imigrasyon iregilye, li dwe ranpli dokiman ki nesesè pou aplike pou li ka jwenn yon pèmi pou rezidans konsène.
- Viza pou timoun ak adolesan pa gen okenn pri.

1.2. VISA TANPORÈ POU REZON TRAVAY

a. Ki moun ki ka aplike?

Lòt nasyon ki vle travay nan peyi Chili.

SANTIAGO

b. Si mwen Santiago, ki dokiman mwen bezwen?

Pou aplike pou viza tanporè pou motif travay nan Santiago, ou dwe voye dokiman sa yo atravè lèt sètifye nan **Clasificador N° 8**, Correo Central, Santiago:

- 1.Fòmilè aplikasyon pou **viza tanporè**, ou dwe voye li pa lapòs nan adrès anlè an, ranpli okonplè epi siyen. Fòmilè pou aplikasyon sa a dwe telechaje sou sit entènèt la nan Depatman imigrasyon ansanm ak Migrasyon, www.extranjeria.gob.cl/tipos-de-residencia-temporaria/#capitulo20
- 2.Yon fotokopi **paspò** a (fèy papyè idantifikasyon, nimewo ak dat yo te ba ou li an ak dat lap fini, ak fèy ki gen so antre an).
- 3.Fotokopi Paj **Viza touris** la, pou moun ki sòti nan peyi ki mande pou li.
- 4.Si ou te antre nan peyi an ak yon lòt dokiman idantifikasyon, ou dwe tache yon fotokopi (kat idantite, kat DNI oswa lòt).
- 5.Yon **fotokopi kat touris** aktyèl la. Kat Touris la se yon fòm ki pèmèt ou antre ak sòti nan Chili pou rezon touris.Kat sa se Polis ki bay li nan kontwòl imigrasyon nan nenpòt ki ayewopò oswa fwontyè Ou travèse, epi yo dwe ranpli pa etranje ki ap antre nan peyi a. Si ou pèdi li, ou ka mande yon kopi nan biwo Polis Entènasyonal (Eleuterio Ramírez 852, Santiago).
- 6.Yon **foto resan**, gwosè kat(3x4 cm), an koulè, ak non konplè ak nimewo paspò ou.

Aprè Ou voye dokiman ou yo,wap resevwa yon notifikasyon nan adrès ou, ki pral gide ou kontinye pwosesis ou a. Anvan ou resevwa notifikasyon sa pa

lapòs, ou ka tcheke tou estati demann ou an sou <https://consultas.extranjeria.gob.cl/index.action>

c. Kisa ki ap pase si mwen Santiago e mwen nan yon sitiyasyon iregilye?

-Si ou nan sitiyasyon iregilye, ou dwe ale nan youn nan biwo Imigrasyon yo, ki chita nan San Antonio 580, etaj 3 ak nan Fanor Velasco 56, pou regularize sitiyasyon Ou an. Jesyon sa a dwe fèt sèlman pa moun ki gen laj depi 18 an e plis.

d. Èske mwen bezwen kèk lòt dokiman espesyal daprè peyi kote mwen fèt lan?

- Sitwayen **Kolonbyen** yo dwe prezante tou yon "Sètifika bòn vi e mès" ki valab e ke Konsila yo an ba yo.
- Sitwayen **Pewou** yo dwe prezante yon "Sètifika bòn vi e mès", ki ajou ke Konsila yo an ap ba yo.
- Dominiken** yo dwe prezante sètifika "san rekò kriminel " ki ajou ke Konsila yo an ap ba yo.

Dokiman sa yo obligatwa sèlman pou moun ki gen plis pase 18 ane.

e. Nan ka ke mwen gen yon **kontra travay, ki jan mwen ka prezante li?**

- Ou dwe prezante yon orijinal, siyen devan yon **notè**, pa travayè a ak patwon an (ki endike RUT konpayi an oswa Kat Idantite, si se youn moun natirèl).
- Revize chapit Gid **Travay** la (paj 39) pou Ou ka enfomew sou karakteristik espesifik kontra travay la.

PROVINCIAS

f. Si ou aplike an pèsòn nan nenpòt nan biwo Imigrasyon nan pwovens yo, ou dwe soumèt dokiman sa yo:

1. De fotokopi **paspò** (fèy papyè idantifikasyon, nimewo ak dat yo te ba ou li an ak dat lap fini, ak fèy ki gen so antre an). Ou dwe montre paspò orijinal la.
2. Yon fotokopi Paj **Viza touris** la, pou moun ki soti nan peyi ki mande pou li.
3. Nan ka Ou te antre nan peyi a ak yon lòt dokiman idantifikasyon, ou dwe tache yon fotokopi (kat idantite, kat DNI oswa lòt).
4. De fotokopi **kat touris** aktyèl la. Ou dwe montre tou orijinal la. Kat Touris la se yon fòm ki pèmèt antre ak sòti nan Chili pou rezon touris. Polis Envestigasyon (PDI) la bay li nan moman kontwòl imigrasyon an nan nenpòt ki ayewopò oswa fwontyè, epi li dwe ranpli pa etranje ki ap antre nan teritwa nasyonal la. Si ou pèdi li, ou ta dwe ale nan Biwo Imigrasyon ak Lapolis Entènasyonal nan PDI nan pwovens kote ou ye a.
5. De **foto resan**, gwosè kat (3x4 cm), an koulè, ak non konplè ak nimewo paspò.

Si ou nan nenpòt nan pwovens sa yo: Arica, Iquique, Antofagasta, El Loa, Copiapó, Elqui, Valparaíso, San Antonio, Chacabuco, Melipilla, Maipo, Cachapoal, Curicó, Concepcion, Magallanes, wap bezwen **yon fotokopi paspò a, yon fotokopi kat touris la ak yon foto.**

g. Èske mwen bezwen kèk lòt dokiman espesyal dapre peyi kote mwen fèt lan?

- Sitwayen **Kolonbyen** yo dwe prezante tou yon "Sètifika bòn vi e mès" ki valab e ke Konsila yo an ba yo.
- Sitwayen **Pewou** yo dwe prezante yon "Sètifika bòn vi e mès", ki ajou ke Konsila yo an ap ba yo.

-**Dominiken** yo dwe prezante sètifika "san rekò kriminel " ki ajou ke Konsila yo an ap ba yo.

Dokiman sa yo obligatwa sèlman pou moun ki gen plis pase 18 ane.

h. Si mwen gen yon kontra travay, ki jan mwen ka prezante li?

- Ou dwe prezante yon orijinal, siyen devan yon notè, pa travayè a ak patwon an (ki endike RUTkonpayi an oswa Kat Idantite moun ki baw kontra).
- Revize chapit Gid **Travay** la (paj 42) pou Ou ka enfomew sou karakteristik espesifik kontra travay la.


i. Ki sa ki se yon pèmi travay?

- Pèmi travay la se otorizasyon pou travay lè viza ou an pwosesis. Li koute mwaye valè viza a. Revize chapit **travay** la pou plis enfòmasyon.

j. Kisa kap pase si mwen nan yon sitiyasyon iregilye?

- Si ou nan yon sitiyasyon iregilye, ale nan Biwo Imigrasyon nan Pwovens ou an pou yo ba u oryantasyon.

k. Pwosesis pou ou ka jwenn li (Sa ki nan imaj lan)



1.3. VIZA TANPORÈ POU MOUN KI GENYEN LYEN FAMILYAL AK MOUN KI GEN REZIDANS PÈMANAN

a. Ki moun ki ka aplike?

Moun ki migran ki gen relasyon famiyal (mari oswa madanm, paran ak timoun) ak yon moun ki gen pèmanans pèmanan nan peyi Chili.

SANTIAGO

b. Si mwen nan Santiago, ki dokiman mwen bezwen?

Pou aplike pou viza tanporè sa a nan Santiago, ou dwe voye dokiman sa yo pa **lèt sètifye** nan **Clasificador N° 8, Correo Central**, Santiago:

1. Yon fòmilè aplikasyon pou viza tanporè ranpli epi siyen. Fòmilè pou fè aplikasyon sa ou ka telechajel nan sit entènèt Depatman Imigrasyon ak Migrasyon, www.extranjeria.gob.cl/types-residence-temporary/#capitulo20

² Pemisyon de travay la se yon otorizasyon pou w ka travay pandan viza ou an kou ou byen an pwosesis. Li koute mitan pri viza a, revize chapit ki pale sou zafè travay ki nan gid sa, pou w kapab genyen plis enfòmasyon.

2. Yon fotokopi **paspò** a (fèy papye idantifikasyon, nimewo ak dat yo te ba ou li an ak dat lap fini, ak fèy ki gen so antre an). Anplis de sa, lè sa aplikab, fotokopi **Paj Viza touris** la.
3. Nan ka ou te antre nan peyi a ak yon lòt dokiman idantifikasyon, ou dwe tache yon fotokopi (kat idantite, kat DNI oswa lòt).
4. Yon fotokopi dènye **kat touris** la. Si ou pèdi li, ou dwe mande yon kopi nan biwo Lapolis Entènasyonal la (Eleuterio Ramírez N ° 852, Santiago).
5. **Yon foto ki resan**, gwosè kat (3x4 cm) an koulè, ak non konplè ak nimewo paspò.

c. Kisa ki ap pase si mwen Santiago e mwen nan sitiyaasyon iregilye?

Si ou nan yon sitiyaasyon iregilye, ou dwe ale nan youn nan biwo imigrasyon yo, ki chita nan San Antonio 580, etaj 3 ak nan Fanor Velasco 56, pou regilarize sitiyaasyon ou. Jesyon sa a dwe fèt sèlman pa moun ki gen laj soti 18 lane .

d. Èske mwen bezwen kèk lòt dokiman espesifik dapre peyi kote mwen sòti an?

- Sitwayen **Kolonbyen** yo dwe prezante tou yon "Sètifika bòn vi e mès" ki valab e ke Konsila yo an ba yo.
- Sitwayen **Pewou** yo dwe prezante yon "Sètifika bòn vi e mès", ki ajou ke Konsila yo an ap ba yo.
- **Dominiken** yo dwe prezante sètifika "san rekò kriminel" ki ajou ke Konsila yo an ap ba yo.

Dokiman sa yo obligatwa sèlman pou moun ki gen plis pase 18 ane.

e. Ki dokiman konjwen yon rezidan ki gen pèmanans definitif bezwen?

- Sètifika Maryaj**, ki soti nan peyi kote li te fèt lan. Dokiman sa a dwe tenbre oswa legalize pa konsila Chilyen nan peyi li fèt lan ak pa Ministè Afè Etranjè nan Chili. Ou dwe prezante orijinal oswayon kopi otorize devan yon notè.
- Yon kopi **Sètifika pèmanans definitif** mari oswa madanm aplikan an.
- Yon kopi **Kat idantite** mari oswa madanm aplikan an.
- Orijinal **Sètifika ajou pèmanans definitif** mari oswa madanm lan, ke Lapolis Entènasyonal la bay.
- Li mande pou akredite **sipò ekonomik**. Pou plis enfòmasyon, gade lyen www.extranjeria.gob.cl/tipos-de-permanencia-definitiva/

f. Ki dokiman yon timoun ki pitit yon rezidan pèmanan bezwen?

- Sètifika nesans**(batistè) aplikan an. Dokiman sa a dwe tenbre oswa legalize pa konsila Chilyen nan peyi orijin aplikan an ak pa Ministè Afè Etranjè nan Chili. Li dwe prezante nan orijinal oswa yon kopi otorize devan yon notè.
- Yon kopi **Sètifika Pèmanans Definitif** papa oswa manman aplikan an.
- Yon kopi **kat Idantite papa oswa manman** aplikan an.
- Sètifika ajou pèmanans definitif** detantè an ke Polis Entènasyonal la bay. Ou dwe prezante orijinal la.
- Li mande pou akredite **sipò ekonomik**. Pou plis enfòmasyon, gade lyen sa. www.extranjeria.gob.cl/tipos-de-permanencia-definitiva/

g. Ki dokiman yon paran rezidan pèmanan bezwen?

- Sètifika nesans** detantè pèmanan definitif la, ki gen non paran yo. Dokiman sa a dwe tenbre oswa legalize pa konsila Chilyen nan peyi orijin aplikan an, ak pa Ministè Afè Etranjè nan Chili. Ou dwe bay orijinal oswa kopi otorize devan notè.
- Yon kopi **Sètifika pèmanans definitif pitit moun** ki ap aplike a.
- Yon kopi **kat Idantite** pitit aplikan an.

- Sètifika ajou pèmanans definitif** detantè a, ki soti nan Polis Entènasyonal la. Ou dwe bay dokiman orijinal la.
- Li mande pou akredite **sipò ekonomik**. Pou plis enfòmasyon, gade lyen sa. www.extranjeria.gob.cl/tipos-de-permanencia-definitiva/

Nan tout twa ka (mari oswa madanm, timoun, manman oswa papa), dokiman yo mande yo se menm kèlkeswa kote pwosesis la ap fèt (Santiago oswa biwo pwovensyal imigrasyon yo).


PROVINCIAS

h. Ki dokiman mwen bezwen si mwen aplike nan biwo provensyal yo?

- 1.De fotokopi **paspò** an (fèy papyè idantifikasyon, nimewo ak dat yo te ba ou li an ak dat lap fini, ak fèy ki gen so antre an). Anplis de sa, lè sa aplikab, fotokopi **Paj Viza touris la**.
- 2.Si ou te antre nan peyi a ak yon lòt dokiman idantifikasyon, ou dwe tache yon fotokopi (kat idantite, kat DNI oswa lòt).
- 3.De fotokopi dènve **kat touris la**. Si ou pèdi li, ou ta dwe ale nan Biwo Polis Imigrasyon ak Entènasyonal nan Polis Envestigasyon (PDI) nan pwovens kote ou ye an. Ou kapab mande enfòmasyon kote biwo sa yo nan gouvènman pwovens yo.
- 4.De **foto resan**, gwosè kat (3x4 cm), an koulè, ak non konplè epi nimewo paspò.

Si ou nan nenpòt nan pwovens sa yo: Arica, Iquique, Antofagasta, El Loa, Copiapó, Elqui, Valparaíso, San Antonio, Chacabuco, Melipilla, Maipo, Cachapoal, Curicó, Concepcion, Magallanes, wap bezwen sèlman **yon fotokopi paspò a, yon fotokopi kat touris la ak yon foto**.

i. Pwosesis pouw jwenn li



1.4. VISA POU SITWAYEN MERCOSUR

a. Pou ki moun li ye?

Sitwayen Ajantin, Bolivi, Brezil, Paragwe ak Irigwe.

SANTIAGO

b. Ki dokiman mwen bezwen si mwen nan Santiago?

Pou aplike pou yon viza tanporè kòm yon sitwayen nan MERCOSUR nan Santiago, ou dwe voye **dokiman sa yo pa lèt sètifye nan Clasificador N° 8**, Correo Santral, Santiago:

- 1.Yon fòmilè aplikasyon pou viza tanporè konplètman ranpli epi siyen. Fòm pou fè demand sa a ka telechaje nan sit entènèt Depatman Imigrasyon ak Migrasyon, www.extranjeria.gob.cl/tipos-de-residencia-temporaria/#capitulo13
- 2.Yon fotokopi **paspò** a (fèy papye idantifikasyon,nimewo ak dat yo te ba ou li an ak dat lap fini, ak fèy ki gen so antre an)

³ Pemisyon de travay la se yon otorizasyon pou w ka travay pandan viza ou an kou ou byen an pwosesis. Li koute mitan pri viza a, revize chapit ki pale sou zafè travay ki nan gid sa, pou w kapab genyen plis enfomasyon.

3. Nan ka ou te antre nan peyi a ak yon lòt dokiman idantifikasyon, ou dwe tache yon fotokopi (kat idantite, kat DNI oswa lòt).
4. Yon fotokopi dènye **kat touris** la. Si ou pèdi li, ou dwe mande yon kopi nan biwo Lapolis Entènasyonal la (Eleuterio Ramírez 852, Santiago).
5. **Yon foto ki resan**, gwosè kat (**3x4 cm**) an koulè, ak non konplè ak nimewo paspò.

c. Kisa ki ap pase si mwen nan Santiago e mwen nan yon sitiyasyon iregilye?

- Si ou nan sitiyasyon iregilye, ou dwe ale nan youn nan biwo imigrasyon yo, ki chita nan San Antonio 580, etaj 3 ak nan Fanor Velasco 56, pou regularize sitiyasyon an. Jesyon sa a dwe fèt sèlman pa moun ki gen laj 18 an.

PROVINCIAS

d. Ki dokiman mwen bezwen pou mwen fè aplikasyon mwen an nan yon Biwo Imigrasyon nan pwovens yo?

1. De fotokopi **paspò** an ajou (fèy idantifikasyon an, nimewo ak dat yo te ba ou li an epi dat lap fini an). Anplis de sa, ou dwe montre orijinal paspò an.
2. Si ou te antre nan peyi a ak yon lòt dokiman idantifikasyon, ou dwe tache yon fotokopi (kat idantite, kat DNI oswa lòt).
3. De fotokopi **kat touris** lan. Anplis de sa, ou dwe montre orijinal la.
4. De **foto resan**, gwosè kat (3x4 cm), an koulè, ak non konplè ak nimewo paspò.

Si ou nan nenpòt nan pwovens sa yo: Arica, Iquique, Antofagasta, El Loa, Copiapó, Elqui, Valparaíso, San Antonio, Chacabuco, Melipilla, Maipo, Cachapoal, Curicó, Concepción, Magallanes, wap bezwen sèlman **yon fotokopi paspò a, yon fotokopi kat touris la ak yon foto.**

1.5. VIZA NAN PWOVENS ANTOFAGASTA

Si ou nan pwovens Antofagasta, ou dwe voye dokiman sa yo atravè lèt sètifye nan **Clasificador 31, Correo Antofagasta**.

1. Yon **aplikasyon pou yon viza tanporè** konplètman ranpli ak siyen. fòm nan pou aplikasyon sa ka telechaje sou sit entènèt la nan Depatman Imigrasyon ansanm ak Migrasyon, www.extranjeria.gob.cl/nuevo-formulario-de-residencia-para-provincia-de-antofagasta/
2. Yon fotokopi **paspò** a (fèy papyè idantifikasyon, nimewo ak dat yo te ba ouli an ak lè lap expire, ak fèy ki gen so antre an sou li). Si ou te antre nan peyi a ak yon lòt dokiman idantifikasyon, ou dwe tache yon fotokopi (kat idantite, kat DNI oswa lòt).
3. Yon fotokopi dènnye **kat touris** la. Si ou pèdi, ou dwe mande yon kopi nan Depatman Imigrasyon ansanm ak Polis Entènasyonal nan Antofagasta, ki chita nan ri Washington 2767, Antofagasta.
4. **Yon foto resan**, gwosè kat (3x4 cm), an koulè, ak non konplè ak nimewo paspò.
5. Si ou nan sitiyaasyon iregilye, ou dwe ale nan biwo imigrasyon nan pwovens lan pou mande konsèy.

1.6. LÒT VIZA TANPORÈ

Gen lòt rezon pou aplike pou rezidans, ki pèmèt ou ka genyen youn nan viza sa yo:

- Viza tanporè pa lyen ak Chilyen.
- Viza pou elèv yo (debaz, segondè oswa pi wo edikasyon, moun ki gen bous detid ak ki pa genyen).
- Viza pou elèv nan pwogram echanj yo.
- Viza tanporè pou maryaj sivil.
- Viza tanporè pou pwofesyonèl ak teknisyen nan pi wo nivo.
- Viza tanporè pou envestisè ak machann.
- Viza tanporè pou retirete ak biznismanm.
- Viza tanporè pou relijye yo.
- Viza tanporè pou timoun etranje an pasaj.

Moun ki nan sitiyaasyon sa yo, dwe tcheke lyen www.extranjeria.gob.cl/ti-pos-de-residencia-temporaria/

2. PÈMANANS DEFINITIF

a. Ki sa ki Pèmanans Definitif la?

Pèmanans definitif lan se pèmisyon yo akòde lòt nasyon yo pou abite endefiniman nan peyi Chili ak devlope nenpòt aktivite legal nan peyi a.

b. Ki moun ki ka aplike pou pèmi sa a?

Sitwayen etranjè, detantè o depandan, ki pa te rete plis pase 180 jou deyò peyi a pandan dènye ane viza yo an epi ki satisfè kondisyon sa yo ka aplike pou pèmi sa a:

- Nan ka **Viza sijè a Kontra**, li nesesè ke detantè a te gen pèmi sa a pou omwen de lane kontinyèl.
- Nan ka **Viza tanporè**, li nesesè ke detantè a konplete omwen yon lane ak pèmi sa a.
- Viza etidyan**, pou li, li egzije pou detantè a te gen pèmi sa a pou omwen de lane kontinyèl. Anplis de sa, ou dwe sètifye fen etid yo (lisans edikasyon mwayèn yo jwenn nan Chili oswa fen yon karyè edikasyon siperyèl).
- Viza timoun ak adolesan** gen yon dire de yon lane, yo ka renouvle pou yon dezyèm ane e nan fen sa a li posib pou ou fè demann pèmanan.

Pou plis enfòmasyon sou sa yo ak lòt altènativ Pèmanans definitif, tcheke lyen www.extranjeria.gob.cl/tipos-de-permanencia-definitiva/

c. Kijan mwen dwe aplike pou Pèmanans definitif la?

Demann pou Pèmanans definitif lan dwe voye pa lapòs, nan lespas 90 jou anvan dat ekspirasyon viza ou genyen kounye a. Li dwe voye, pa **lèt sètifye**, nan **Clasificador N°8**, Correo Central, Santiago.


3. KOUMAN MWEN KA JWENN YON CHANJMAN VIZA OSWA POU PWOLONJE SAMWEN GENYEN AN?

Kondisyon ki endike anwo yo se pou moun ki nan peyi Chili kòm touris ki vle fè demann viza.

Si ou gen yon viza rezidans kounye a epi ou bezwen mande yon chanjman oswa ekstansyon viza, ou pa dwe prezante kat touris la oswa Paj Viza touris la.

Olye de sa, ou dwe prezante dokiman sa yo:

1. Fotokopi fèy nan **paspò** an kote ki gen viza konsila nan Chili ba ou, si yo te ba ou.
2. Fotokopi **kat idantite Chilyen** an.
3. **Sètifika Enskripsyon viza aktyèl la**, ke PDI bay la.
4. Sètifika **Bòn vi e mès**, ke yo bay nan Rejis Sivil la ak Sèvis Idantifikasyon. Dokiman sa a obligatwa pou moun ki gen plis pase 18 an.



ENPÒTAN

-Konsidere ke etranje ki rive nan peyi Chili gen devwa ak responsablite, tankou:

- Respekte ak fè devwa ak obligasyon ki etabli pa lòd legal nasyonal la;
- Antre nan peyi a nan fason regilye, mande imedyatman pèmi imigrasyon ki defini pa lalwa epi kenbe estati imigrasyon ou an règ pandan ou nan peyi an.
- Bay enfòmasyon ke otorite piblik la mande a konplè, jiska dat e nan fason serye.
- Enfòm epi kenbe ajou adrès ou an nan teritwa nasyonal la devan otorite imigrasyon an (Depatman Imigrasyon ak Migrasyon oswa Biwo Imigrasyon nan Pwovens yo).

-Lè ou ap fè aplikasyon pa lapòs, pa voye dokiman orijinal yo; pito ou voye yon **fotokopi legalize pa yon notè** (ak eksepsyon sètifika bòn e mès ki nesesè pou Pewouvye, Kolonbyen ak Dominiken, ki dwe orijinal).

-Si ou gen timoun, paran oswa yon mari oswa madanm nan peyi Chili, pa bliye **ajoute yo kòm depandan nan aplikasyon viza** ou ak tache dokiman sa yo:

• **Konjwen: Sètifika maryaj orijinal** oswa kopi notarye.

• **Timoun: Batistè orijinal**, ki endike non paran yo, oswa kopi otorize pa yon notè.

• **Paran detantè: Batistè orijinal**, ki endike non paran yo, oswa kopi otorize pa yon notè.

O **Lèt sipò depans** kote moun ki gen viza a pran an chay pou peye pou antretyen depandan yo nan peyi a, siyen devan yon notè.

• Dokiman yo pou montre lyen ki genyen ant yon detantè ak depandan li yo dwe tenbre oswa legalize pa konsila Chilyen nan peyi yo soti an ak pa Ministè Afè Etranjè nan peyi Chili.

-Si ou ap aplike pou **Pèmanans Definitif**, ou dwe pwouve kijan ou pral fè rete finansyèman nan Chili, pandan pwosesis la an kou ak lè yo akòde ou li.

Lèt Sipò depans se yon dokiman ke ou dwe mande yon notè piblik e ki di yon moun ap asime depans antretyen on lòt moun nan Chili. Anjeneral, se moun ki ap mande rezidans ki detantè, ki gen rapò ak gwoup fanmi li, oswa pa chilyen ki gen fanmi etranje ke li angaje pou kenbe ekonomikman.

Deklarasyon sa a dwe pwouve pa youn nan dokiman sa yo:

• Bilten echanj lajan nan non detantè a.

• Papyè ki montre mouvman lajan regilye.

• Fotokopi kat kredi ak mouvman lajan

• Sètifika konpayi kot detantè a ap travay, ki endike revni li.

• Si ou travay ak pwòp tèt ou (gen biznis pa ou), ou dwe soumèt yon kopi dènye deklarasyon taks anyèl oswa kat dènye pèman IVA yo.

• Si ou resevwa revni nan pretasyon sèvis, ou dwe prezante dènye deklarasyon taks sou revni anyèl ou oswa sis dènye bilten onorè yo.



II. EDIKASYON

"Tout pitit gason ak pitit fi imigran yo ap jwi dwa pou jwenn aksè a edikasyon sou baz egalite nan tretman ak sitwayen peyi an. Aksè pitit imigran yo ak lekòl preskolè oswa lekòl piblik pa ka refize oswa limite akòz sitiyasyon migratwa iregilye timoun lan oswa adolesan oswa manman yo oswa papa yo."

Konvansyon entènasyonal sou Pwoteksyon Dwa tout travayè migran yo ak manm fanmi yo, Atik 301.

1. KOUMAN SISTÈM EDIKASYON AN ÒGANIZE NAN PEYI CHILI?

Sistèm edikasyon chilyen an gen ladan twa kalite etablisman:

- Etablisman depandans **minisipal**, ki resevwa resous ki soti nan Leta pa meri yo epi yo gratis pou tout moun.
- Etablisman **Prive sibvansyone**, ki fè pati antite prive, men resevwa resous ki soti nan Leta. A pati de 2017, piti piti yo vin gratis pou elèv yo.

-Etablisman **Prive peye**, ki fè pati anite prive epi yo jwenn resous yo daprè kòb elèv yo peye.

2. KI DWA TIMOUN AK ADOLESAN ETRANJE YO GENYEN NAN PEYI CHILI?

Ou gen dwa pou:

- Antre nan yon enstitisyon edikasyonèl ki gen plas disponib, swa minisipal oswa prive sibvansyone, nan nenpòt lè nan ane eskolè a.
- Enskri kèlkeswa kondisyon imigrasyon ou an.
- Gen posiblite pou ou rantre, rete ak pwogresenan sistèm edikasyon an, ak menm egalite ak elèv Chilyen yo selon reyalyite ak bezwen ou yo.
- Resewwa avantaj leta a, tankou pas lekòl la, asirans lekòl, bous alimantè ak tèks lekòl la, sou tèm egal ak lòt elèv Chilyen yo jan sa mande li.
- Pa soufri diskriminasyon ak resewwa tretman ak bon jan respè nan tout kominote lekòl lan.

3. KISA MWEN KA FÈ SI DWA SA YO PA RESPEKTE?

- Prezante yon plent diskriminasyon devan **Sipèentandan an nan Edikasyon** nan <http://denuncias.supereduc.cl/memberpages/denuncias/denuncias.aspx> oswa dirèkteman nan biwo ki pi pre a.
- Prezante yon plent nan Biwo Sèvis Sitwayen nan Ministè Edikasyon an, nan lyen sa www.ayudamineduc.cl/ayudamineduc/1 oubyen rele 600 600 26 26 oswa ale dirèkteman nan biwo ki pi pre a.
- Nan etablisman minisipal yo, ou ka ekri yon lèt plent bay direktè lekòl la epi voye yon kopi nan Biwo Enfòmasyon, Plent ak Sijesyon (OIRS) nan minisipalite ki koresponn lan.
- Si ou kwè ke yo refize bay ou timoun ouswa adolesan dwa edikasyon, paske li se yon imigran oswa rezon ki baze sou karakteristik pèsònèl, ou ka prezante yon resous pou pwoteksyon oswa yon plent sivil nan **Kòporasyon Asistans Jidisyè a**. Enfòmasyon nan nimewo telefòn sa 600 440 2000.

4. KISA KI AP PASE AK YON ELÈV KI PA KA KONVALIDE ETID LI FÈ NAN PEYI LI FÈT LA?

Nan ka yon elèv pa ka konvalide etid li yo, paske li pa gen dosye lekòl oswa absans yon akò avèk peyi li an, etablisman an dwe fè yon **egzamen** pou defini nan ki klas elèv sa prale, nan yon peryòd ki pa depase twa mwa depi enkòporasyon elèv la.

Si pati ki enterese a gen nenpòt baryè lang pou pran tès la, enstitisyon an ap chèche estrateji pou pèmèt elèv la demontre konesans li epi pou li ka entegre nan kou ki koresponn ak li.

5. KOUMAN JÈN AK GRANMOUN MIGRAN YO KA ETIDYE NAN PEYI CHILI?

Edikasyon jèn epi granmoun yo nan peyi Chili ofri nan de modalite: regilye ak fleksib. **Modalite regilye** a se sa yo bay nan etablisman edikasyonèl ki pou popilasyon granmoun. Nan sa yo, imigran ka rantre nan Twazyèm Nivo Edikasyon pou granmoun Debaz (ki ekivalan a 7è Epi 8è Bazik), A Premye Nivo a nan Edikasyon Segondè (1e ak 2yèm mwayen) o dezyèm nivo nan Edikasyon Segondè (3^e ak 4^e mwayen), dapre papye etid yo pote soti nan peyi orijin.

Kondisyon pou admisyon nan chak nivo yo ou ka konsilte nan biwo èd MINEDUC yo oswa nan pwòpetablisman edikasyonèl yo.

Modalite fleksib la nan bò pa li, fèt nan plizyè enstitisyon divès kalite, yo fè aktivite edikatif yo pi plis fleksib pase yon fòm etablisman edikasyonèl e li apwopriye pou moun ki ap travay ki gen mwens tan pou ale nan klas e yo ka etidye otònòm.

Kondisyon yo pou rantre nan modalite sa ou ka mande li nan biwo èd MINEDUC.



III. AKSÈ NAN SWEN SANTE

1. NAN KISA DWA MOUN NAN SANTE KONSISTE?

Li konsiste pou rekonèt **ke chak moun dwe gen dwa a swen sante**, poutèt sèlman li se yon moun, kèlkeswa nasyonalite, nivo sosyoekonomik, idantite kiltirèl, sitiyasyon migratwa, elatriye.

Règleman Sante Imigran Ministè Sante a baze sou apwòch Dwa Moun sa a, sa vle di, li konprann **ke imigran yo gen dwa** e ke Leta gen obligasyon pou asire yo respekte dwa sa yo. Se pou sa, kèlkeswa nasyonalite ou oswa tan ou gen nan peyi Chili, ou gen dwa pou resevwa swen sante.

An patikilye, ou gen dwa resevwa **swen ijans medikal**, kèlkeswa nasyonalite ou ak estati imigrasyon ou.

2. KOUMAN SISTÈM SWEN SANTE CHILYEN AN ÒGANIZE?

Sistèm sante nan peyi Chili konpoze pa sistèm sante piblik la ak sistèm sante prive a:

- Nan sistèm piblik la, gen yon asirans sante sosyal ki jere pa **Fon Nasyonal Sante (FONASA)**.
- Nan sistèm prive a gen yon sistèm asirans endividyèl, ki jere pa **Enstitisyon Previzyonèl Sante (ISAPRES)**.

Pou resevwa swen sante nan nenpòt nan de sistèm yo, li nesesè pou ou gen yon kat idantite Chilyen.

Nimewo idantifikasyon sou kat idantite Chilyen yo rele **Wòl Inik Nasyonal (RUN)**. Yo akòde tout chilyen yo depi lè yo fèt, ak moun lòt nasyon ki te jwenn pèmi rezidans tanporè oswa pèmanan nan Chili. Si pitit ou a fèt nan peyi Chili, ou ap resevwa RUN li an lè ou ale enskri li nan Rejis Sivil la. RUN a se kle pou jwenn aksè nan anpil benefis sosyal nan peyi Chili, ant yo, **abòne ak yon asirans** sante piblik oswa prive.

3. KISA KI AP PASE SI MWEN NAN YON SITIYASYON IREGILYE EPI MWEN PA GEN OKENN RESOUS?

Depi lane 2016, imigran ki pa gen yon kat idantite Chilyen (RUN) **epi ki pa gen mwayen**, yo pral kapab jwenn aksè gratis nan benefis **rezò sante piblik la**, sou tèm egal ak chilyen, yo ap pase nan kategori **FONASA Tranch A**. Sa te posib gras ak Dekrè Siprèm Nimewo 67 nan 2015, ki enkòpore imigran yo ki nan yon sitiyaasyon iregilye nan mitan moun ki kalifye pou benefis sa a, yo ap sèlman siyen yon dokiman ki deklare mank resous yo.

4. SI MWEN PA GEN RESOUS, AK KI ENSTALASYON SANTE PIBLIK MWEN GEN AKSÈ?

Etablisman Rezo Sante Piblik yo ke moun ki deklare kòm "San resous" yo oswa **FONASA Tranch A**, gen aksè, se tout sant sante atansyon primè yo, sèvis ijans, lopital piblik yo etc... (Klinik, sant medikal, laboratwa ak konsiltasyon medikal prive pa ladan!).

5. KISA MWEN DWE FÈ POU PRAN SWEN, SI MWEN PA GEN VIZA EPI MWEN PA GEN RESOUS YO?

Si ou bezwen swen sante epi ou nan nenpòt nan sitiyasyon sa yo:

- pa gen okenn pèmi viza oswa rezidans, e poutèt sa ou pa gen RUN
- pa yon benefisyè nan nenpòt akò ki bay dwa a swen medikal,
- pa gen okenn asirans medikal (FONASA oswa ISAPRE, oswa asirans pou vwayaje),

ou dwe ale nan sant sante piblik ki pi pre lakay ou.

Si ou poko enskri, ou dwe solisite enskripsyon ak akreditasyon kòm yon "San resous" oswa **FONASA Tranch A**. Ou dwe ranpli yon fòmilè FONASA, ki pral gen ladan enfòmasyon tankou adrès, nimewo telefòn ak siyati. Fonksyonè sante a ap ede ou ranpli fòm sa a si sa nesesè. Anplis de sa, yo pral mande ou pou yon dokiman idantifikasyon (paspò oswa ID nan peyi kote ou soti an) ak yon dokiman ki verifye adrès ou.

Avèk papyè sa yo, yo ap mande FONASA pou ba ou yon nimewo idantifikasyon pwovizwa, ki gen karakteristik ki sanble ak RUN la, epi ki pral pèmèt yo trete ou nan rezo sante piblik la.

Nimewo pwovizwa FONASA akòde ou an yo ap enfòme li ak etablisman sante an, ak li ou se on benefisyè FONASA nan seksyon tranch A -san resous- pou yon lane, ki ap pèmèt ou resevwa swen sante pandan ou ap fè regularizasyon migratwa ou an.

Anplis de sa, etablisman sante a otorize pou bay swen ou bezwen pandan tan pwosesis sa a an kou an. Sa vle di, si ou bezwen kèk swen ijan oswa ki pa ijan swen primè oswa segondè, yo dwe ba ou li, menm si ou pa gen nimewo atansyon tanporè an.

Ou ka itilize nimewo sante pwovizwa sa a ak akreditasyon ou tankou "San resous" nan FONASA, jiskaske ou ka regilarize kondisyon imigrasyon ou, oswa jiskaske ou gen yon lane apre yo te akòde ou li an. Nimewo Idantifikasyon Pwovizwa sa a valab sèlman pou jwenn aksè nan swen sante, epi li pa ka sèvi ou pou okenn lot pwosedi nan peyi a.

6. KI BENEFIS MWEN KAPAB JWENN?

- **Nan ka ijans medikal ki vle di yon risk pou lavi ou**, ou gen dwa pou pran swen nan nenpòt etablisman sante piblik oswa prive, kèlkeswa si estati imigrasyon ou an iregilye. Ka swen medikal ljan yo ka gen pou ou peye yo, menm jan ak nasyonal peyi an. Sepandan, nan sistèm piblik la, li pap posib pou yo fè ou peye si ou kalifye kòm "San resous".
- Imigran yo, endepandaman si sitiyasyon imigrasyon yo iregilye, yo gen dwa jwenn aksè nan swen piblik, tankou: metòd règleman fètinite, kontwòl nitrisyonèl, vaksen, mamogram, Papanicolao, aplikasyon tès Elisa, maladi kontajye (TB, VIH / SIDA, enfeksyon seksyèl transmisib), ak lòt ankò.
- Nenpòt imigran ki ap fè pwosesis viza rezidans yo nan peyi Chili, yo ka jwenn aksè nan sistèm sante piblik la (lopital ak klinik) avèk yon nimewo idantifikasyon pwovizwa, ou selman bezwen al mande li nan biwo FONASA ki pi pre a.
- Imigran ki gen yon kontra travay oswa ki peye poukont yo, ak fanmi dirèk yo - mari oswa madanm, pitit ak lòt moun ki rekonèt kòm responsablite famiyal yo- gen aksè a swen atravè FONASA oswa ISAPRES. Atravè sistèm sante sa yo, ou gen dwa pou resevwa swen nan sant sante, lopital ak klinik tankou nenpòt travayè ki peye kontribisyon yo, kèlkeswa nasyonalite ou.

7. KI DWA "LWA DWA AK DEVWA PASYAN" AN GARANTI?

- Dwa pou respekte ak pwoteje onè ak lavi prive moun nan pandan li ap resevwa swen sante.
- Dwa pou gen konpay ak asistans espirityèl.
- Dwa pou resevwa enfòmasyon sou swen medikal, pwosedi ak depans; eta li nan sante ak dyagnostik maladi li an, tretman altènativ ak risk yo; konnen ak sa li dwe atann ak pwosesis rekiperasyon an.
- Migran yo gen dwa pou yo respekte travayè yo nan enstitisyon sante yo, ba yo tout enfòmasyon yo nan yon fason pou yo konprann epi reponn sou dout yo san yo pa diskrimine yo nan okenn fason.

8. KI DWA TIMOUN, ADOLESAN AK FANM ANSENT YO GENYEN?

Nan sistèm sante piblik la, timoun ak adolesan ki poko gen laj 18 an ak fanm pandan gwosès, akouchman ak jiska 12 mwa apre akouchman, menm lè yo nan yon sityasyon iregilye migratwa, yo gen dwa a:

- Aksè a tout benefis sante yo bezwen, tankou tchèk medikal nan tout gwosès la, kontwòl kwasans chak ane pou timoun nan jiska 4 lane (li rele "kontwòl timoun an sante") ak tout benefis pwogram sipò devlopman biosikososyal ak sa ki nan pwogram pou sipò ti bebe ki fèk fèt yo.
- Resevwa sipleman alimantè (lèt) ak medikaman ki endike yo.
- Entegre yo nan Plan Auge a, ki bay aksè garanti nan FONASA oswa ISAPRES nan benefis sante pou yon seri maladi ki nan lis AUGE an. Pou plis enfòmasyon, ou ka rele **Salud Responde** nan **600 360 77 77**.

KONTAKTE NOU NAN

- Fon Nasyonal Sante – FONASA • www.fonasa.cl • Telefòn: 600 360 3000
 - Ministè Sante • www.minsal.cl • Telefòn: 600 360 77 77 (Sante Reponn)
-

Sous:

- Livre "Dwa pou sante imigran". IND, DEM.
- MINSAL, Dekrè Siprèm Nimewo 67/2015, ki modifye Dekrè 110/2004 epi etabli sikonstans ak mekanis pou akreditasyon moun kòm san resous oswa endijan.
- MINSAL, Sistematizasyon II jou Migrasyon ak Sante Nasyonal, 14-15 janvyè, 2016.
- MINSAL, oryantasyon teknik pilòt nan sante imigran yo. 2015.



IV. TRAVAY

1. KI DWA TRAVAY IMIGRAN NAN PEYI CHILI?

Migran ki ap travay nan peyi Chili gen menm dwa nan travay yo menm jan ak moun ki Chilyen. An patikilye, yo gen dwa pou yo:

- Fè yon **kontra travay** alekri.
- Jwi menm kondisyon yo tankou sa ki gen a wè ak:
 - Salè a.
 - Lè travay ak lè siplemantè.
 - Repo chak semen, ak vakans peye.
 - Sekirite sosyal, sante, dwa nan matènèl, anvan akouchman ak apre akouchman, ak kèk lòt ankò.
- Jwi sante de baz yo, ijyèn ak sekirite nan travay la.
- Patisipe nan sendika yo.

"Konvansyon Entènasyonal sou Pwoteksyon Dwa tout Travayè Migran yo ak Manm Fanmi yo" etabli ke **"imigran yo pral jwi menm trètman an kòm sitwayen nan peyi kote yo rete yo nan respè nan salè ak lòt kondisyon travay"**. Se Chili ki ratifye Konvansyon sa a nan lane 2005. Depi moman sa li komanse fonksyone, sa ki konpromèt Leta a pou respekte, pwoteje ak garanti dwa ki nan trete entènasyonal sa a.

2. KISA YON KONTRA TRAVAY YE? M KA MANDE YOUN DEPI LÈ MWEN KÒMANSE TRAVAY?

Kontra a travay la se yon antant ant yon travayè ki konpwomèt li pou bay sèvis anba soumisyon ak depandans yon anplwayè, an retou pou salè. Li ka sèlman egziste si tou de pati yo dakò sou obligasyon yo ak dwa ki a la baz relasyon travay la.

Chak travayè gen dwa pou fòmalize relasyon travay la avèk anplwayè li pandan li siyen yon kontra travay. Bagay sa a dwe soti nan yon akò lib ant travayè a ak anplwayè a. Kontra sa a itil pou rezoud malantandi oswa pou yo ka ale nan otorite yo nan ka vyolasyon akò a.

Kontra travay ou dwe ekri nan lang espanyòl ak an akò avèk lwa travay chilyen, kidonk ou dwe prezize:

- Dat ke relasyon travay la te kòmanse
- Salè ou pral resevwa a
- Espas Travay la
- Konbyen tan jounen travay la ye
- Kisa ou gen pouw fè
- Kiyès ki patwon ou.

Patwon an oblije peye yon fason apwopriye **kontribisyon** Sante yo, ki koresponn ak **Fon Nasyonal pou Sante(FONASA)** oswa **Enstitisyon Sante Previsyonel yo (ISAPRE)** ak kontribisyon ki koresponn ak **Administrasyon Fon Pansyon yo(AFP)**.

3. KI KARATERITIK KONTRA TRAVAY POU IMIGRAN AN GENYEN?

Kontra a nan travay yo dwe siyen nan biwo **notè** a epi yo gen kèk pwèn espesyal:

- Reminerasyon.** Li dwe an akò ak pozisyon an oswa aktivite yo dwe devlope nan peyi a, ak konfòme yo avèk estanda travay chilyen (nan mitan yo, respekte salè minimòm aktyèl la).
- Kloz validite.** Yo dwe ekri règleman sa a: "Obligasyon pou bay sèvis dapre kontra sa a, kapab fèt sèlman yon fwa travayè resevwa viza rezidans ki koresponn nan Chili, oswa pèmi travay espesyal pou etranje ki gen yon viza nan pwosesis".
- Kloz nan Rejim Pansyon.** Li ta dwe ekri jan sa a: "Li anrejistre ke travayè sosyal la pral kontribye nan rejim pansyon chilyen, sa konprèt patròn an pou kenbe kontribisyon yo ak delivre yo nan enstitisyon ki koresponn lan."
- Kloz taks sou revni.** Li ta dwe ekri jan sa a: "Patwon an gen obligasyon pou reponn a taks sou revni ki koresponn lan, an relasyon ak salè li peye a" (sèlman pou salè pi wo a 13.5 UTM).

4. KONBYEN YON JOUNEN TRAVAY NAN CHILE DIRE?

Nan Chili, jounen maksimòm travay la se 45 èdtan pa semèn. Sa yo ka distribiye nan senk oswa sis jou, epi yo ta dwe konsidere yon ti repo minimòm 30 minit pou manje oswa pou pran yon break.

Nan okenn ka, ou pa ka travay plis pase 10 èdtan òdinè chak jou. Si ou travay plis èdtan pase sa yo ki etabli nan kontra travay la, ou gen dwa mande pèman an nan lè siplemantè, yo kalkile yo ak yon valè adisyonèl nan 50% sou valè èdtan òdinè a.

5. KISA KI AP PASE SI YO PA RESPEKTE DWA TRAVAY MWEN?

Nan ka kote nenpòt nan dwa travay ou yo vyole ak ou gen difikilte tankou pèman anreta nan salè ou, kontribisyon sekirite sosyal ou, oswa yo pa konpli akèk règleman sante ak sekirite nan travay, ou ka:

- Soumèt yon rapò konfidansyèl bay biwo **Enspeksyon Travay** ki pi pre a.
- Soumèt yon plent nan biwo Enspeksyon Travay ki pi pre a, prezante dokiman idantite ou, non an oswa non biznis nan patwon ou ak adrès travay ou.

Si ou kwè ke dwa travay ou yo te vyole paske ou se yon migran oswa pou yon lòt rezon, ou ka tou depoze yon resous de pwoteksyon oswa pwosedi pwoteksyon travay pa mwayen yon avoka Defensoría Laboral de la **Corporación de Asistencia Judicial**, yap pran ka ou gratis. Pou kontakte yo, rele nan telefon sa **600 440 2000**.

6. ESKE MWEN BEZWEN PÈMI POU MWEN TRAVAY NAN CHILI?

- Pou travay nan peyi Chili, imigran yo dwe mande otorizasyon, ki ka mande sou fòm rezidans tanporè ki disponib nan Depatman Imigrasyon ak Migrasyon oswa nan Biwo Etranje nan pwovens yo. Ou ka tcheke fòm lan sou lyen an www.extranjeria.gob.cl/filesapp/solidad_visas_temporarias_por_CORREO_2008.pdf
- Nan ka ke ou te ranpli yon aplikasyon pou chanjman oswa alonje viza a oswa pèmanans definitiv, yo konsidere w otorize pou travay epi o upa bezwen mande otorite pèmasyon.

7. KI SITIYASYON SEKIRITE SOSYAL TRAVAYÈ ETRANJE NAN CHILI YO YE?

Travayè etranje yo ap travay nan peyi Chili dwe konpli ak nòm yo menm jan ak nenpòt ki travayè (Dekrè la Lwa N° 3.500, de 1980; D.F.L. N° 1, de 2005 Ministè Sante; Lwa 19.728, Lwa 16.744).

San sa pa deranje Lwa lòt lwa a, Lwa No.18.156 bay posibilite pou pa peye nan peyi Chili sekirite sosyal yo pou ka maladi, envalidite, fin granmoun ak benefis lanmò, travayè etranje ki satisfè kèk kondisyon, tankou:

- Konpayi sa yo siyen kontra ak pèsònèl etranje ki teknisyen, (yon teknisyen se tout travayè "ki posede konesans nan yon syans oswa atizay").
- Etranje a dwe afilye a yon rejim sosyal deyò Chili, ki kouvri benefis ki endike yo (maladi, andikap, fin granmoun ak lanmò).
- Kontra travay la dwe gen yon kloz ki gen rapò ak sekirite sosyal deyò Chili, epi travayè a eksprime volonte li pou kenbe afilyasyon sa a.

Travayè etranje ki chwazi pou li pa peye Sekirite Sosyal li nan peyi a pap gen aksè a benefis ki nan sistèm pansyon chilyen an, eksepte pou moun ki nan sistèm asirans aksidan ak maladi ak asirans chomaj, ki se **kontribisyon obligatwa** pou patwon an.

8. KISA KI AP PASE SI YON PATWON PA PEYE KONTRIBISYON YON TRAVAYÈ ETRANJE?

Si patwon an pa peye kontribisyon travayè a chak mwa, **Direksyon Travay** la, atravè enspektè li yo, pral enpoze amann sou patwon an. Nan ka sa a, koupab la se anplwayè a, travayè a inosan.

9. KISA KI AP PASE SI OU AP TRAVAY PANDAN OU NAN SITIYASYON IMIGRASYON IREGILYE?

Ou kòm yon travayè ap vyole lwa etranje. Anplwayè a ki anplwaye travayè etranje yo nan yon sitiyasyon imigrasyon iregilye, nan bò pa li, vyole Lwa travay ak Sekirite Sosyal.

10. KISA KI SE ASIRANS AKSIDAN AK MALADI PROFESYONÈL?

Li se yon asirans sosyal, obligatwa ak peye pa patwon-an. **Enstiti pou Sekirite Travay(ISL)** se sèvis piblik ki responsab pou akòde benefis Sekirite Sosyal kont aksidan travay ak risk maladi profesyonèl. Asirans sa a gen ladan li:

- Aktivite prevantif nan espas travay ou pou evite aksidan oswa maladi profesyonèl.
- Benefis medikal ke yo pwodwi kòm yon rezilta yon aksidan nan travay, yon aksidan wout oswa yon maladi okipasyonèl.
- Nan ka koteaksidan an oswa maladi a ta kite lòt konsekans grav tankou maladi bien grav oswa lanmò nan travayè a, ISL ap anchaje li pou bay benefis ekonomik ki ta ka diminye konsekans yo nan sitiyasyon sa a.

Benefis sa yo pa koute travayè sosyal la anyen, epi yo ap bay yo jiskaske li rekiperasyon oswa pandan konsekans aksidan an oubyen maladi a.

11. KISA MWEN TA DWE FÈ SI MWEN GEN YON AKSIDAN NAN WOUT POUM AL TRAVAY OSWA NAN TRAVAY LA?

Si ou soufri yon aksidan nan travay, oswa sou wout pou wal' travay, ou ta dwe swiv etap sa yo:

- Enfòmè bòs nan travay ou oswa sipèvizè ou.
- Enfòmè ajans asirans ou an, ki pral di ou ki kote pou ou ale pran swen.

- Patwon an dwe deklare aksidan travay la oswa pandan vwayaj la nan yon biwo ISL.
- Ou, an tan ke moun ki afekte, wap resevwa swen medikal ak avantaj yo jiskaske ou rekipere.

Asirans sa a pwoteje tout travayè depandan yo.

Pou plis enfòmasyon, tcheke sit wèb Enstiti pou Sekirite Travay: www.isl.gob.cl

Sous:

Livrè "Dwa pou travay a moun ki imigran yo", Enstiti Nasyonal pou Dwa Moun.
Livrèki gen enfòmasyon pou travayè etranje yo, ISL. • www.isl.gob.cl



V. LOJMAN

1. KISA MWEN BEZWEN POUM KA APLIKE NAN PWOGRAM MINISTÈ LOJMAN AN?

Jiska 2015, etranje yo te oblije ret tann senk ane apre yo te jwenn Sètifika Pèmanans Definitif la pou yo te ka aplike pou pwogram yo nan **Ministè Lojman an ak Devlopman Lavil (MINVU)**.

Nan mwa novanm 2015, yo te retire egzijans sa a. Se poutèt sa, kounye a, **fanmi migran yo ka aplike nan pwogram yo depi yo fin jwenn sètifika a pèmanans definitif la.**

2.KI PWOGRAM KOUNYA MWEN KA APLIKE?

Pwogram ki nan Ministè Lojman an ak Devlopman Iben yo se:

- Achte yon kay.
- Bati yon kay.
- Lwe yon pwopriyete.
- Amelyore lojman ak katye.
- Pwogram Riral.

Enfòm ou sou kondisyon ak fason pou aplike pou pwogram MINVU yo nan sitwèb <http://beneficios.minvu.gob.cl/>

3. KÒM YON ETRANJE, ÈSKE MWEN KA RESEVWA SIPÒ POU LWE YON KAY?

Nan MINVU a gen Pwogram **Lwe yon Pwopriyete**, ki vize pou fanmi ki frajil ak mwayen ki bezwen yon solisyon lojman pou yon tan espesifik, e ki kapab fè yon pèman chak mwa pou peye yon lwaye.

Pou aplike pou pwogram sa a, imigran yo dwe prezante **kat idantite etranje** yo. Yo pa mande pou yon pèmanans difinitif.

Pwogram sa a bay fanmi yo yon sèl sibvansyon ak total de jiska 170 UF. Li ka itilize chak mwa, konsekitif oswa pa moso, nan yon peryòd maksimòm sou uit(8) ane.

Nan fason sa a, moun ki jwenn benefis sa a dwe peye sèlman yon pati nan valè lwaye yo chak mwa.


Benefis sa a pèmèt chanjman nan lojman nan nenpòt rejyon nan peyi a, ak pèmèt yo patisipe nan lavni nan yon pwogram pou yo ka achte yon kay.

Ou ka aplike pou benefis sa a nan youn nan biwo rejyonal yo nan SERVIU oswa nan sit sa: www.minvu.cl

4. TÈKS KI ANBA IMAJ YO



Aplike nan Minvu.cl oubyen nan biwo SERVIU ki nan pwovens yo.



Depi w fin genyen sibvansyon an, chèchè kay la.

Sinye kontra lwaye a.

Prezante pyès yo pou aplike nan sibvansyon an nan SERVIU ki nan rejyon ou a.

Fè pèman chak mwa a.

Pou plis enfòmasyon, revize nan lyen sa

<http://beneficios.minvu.gob.cl/arrendar-una-propiedad/arrendar-una-vivienda/>



VI. AKSÈ NAN JISTIS

Migran yo ka jwenn aksè jidisyè nan matyè sivil, travay ak zafè fanmi nan **Asosyasyon Asistans Jidisyè yo**.

Anplis de sa, nan zafè kriminel yo, yo ka jwenn aksè a yon avoka de defans nan **Biwo Defansè Piblik la**.

1. KISA KÒPORASYON ASISTANS JIDISYÈ LA YE?

Li se yon sèvis piblik, desantralize ak ki pa Peye, ki gen misyon se bay oryantasyon ak konsèy legal a tout moun ki nan nesite a, ak sipò jidisyè nan yon fason pwofesyonèl e gratis a moun ki pa gen resous pou sa.

Gen kat Kòporasyon Asistans Jidisyè Nan tout Chili:

Kòporasyon Asistans Jidisyè Tarapacá ak Antofagasta

Pou rejyon Tarapacá ak Antofagasta

Sit wèb: www.cajta.cl

Telefòn: (57) 2532162 - 2532160

Adrès: Calle Plaza Prat N° 570, Iquique.

Kòporasyon Asistans Jidisyè Metwopolitèn

Pou rejyon: Metropolitana, O'Higgins, Maule ak Magallanes

Sit wèb: www.cajmetro.cl

Telefòn: 600 440 2000

Adrès: Agustinas 1419, Santiago.

Kòporasyon Asistans Jidisyè Valparaíso

Pou rejyon Atacama, Coquimbo ak Valparaíso

Sit wèb: www.cajval.cl

Telefòn: (32) 2161300

Adrès: Condell 1231 Piso 5º, Valparaíso.

Kòporasyon Asistans Jidisyèdel Biobío

Pou rejyon Biobío, La Araucanía, Los Lagos, Los Ríos y Aysén

Sit wèb: www.cajbiobio.cl

Telefòn: (41) 2735950 - 51 - 52

Adrès: Freire 1220, Concepción.

2. KI SA BIWO DEFANSÈ PIBLIK LA YE?

Biwo Defansè Piblik la (DPP) se sèvis ki an chaj pou bay defans penal a kriminèl oswa moun yo akize de yon krim, li ka yo senp Krim oubyen yon erè, ki pa gen avoka, kidonk nan fason sa li asire dwa pou defans ak pwosè kòmsadwa nan pwosedi kriminèl la.

Konsa, nan Biwo Defansè Piblik la yo garanti dwa moun nan genyen poul gen yon avoka defansè.

3. SI MWEN SE ETRANJE, ¿M GEN DWA POUM GEN YON AVOKA DEFENSÈ?

Ou gen dwa ak garanti ki etabli nan Konstitisyon politik Chili a, nan Kòd pou Pwosedi Kriminèl ak nan trete entènasyonal dwa moun, anba kondisyon yo menm jan yon sitwayen Chilyen. Pami dwa sa yo ak garanti yo, se gen yon **avoka** defans nan ka yo ta **akize** li.

4. KI DWA YON AKIZE ETRANJE GENYEN?

- Pou yo trete li kòm inosan.
- Resevwa yon trètman ki montre diyite toutan.
- Pou li gen yon tradiktè oswa entèprèt gratis pou ede li si li pa konprann oswa pale Panyòl.
- Fè enfòm, nan yon lang ke li konprann, pou ka fèl konnen motif yo arete li a.
- Kenbe silans depi arestasyon an.
- Enfòm yon fanmi sou detansyon an.
- Enfòm konsila ou sou detansyon an.
- Detansyon li nan yon komisarya pa dwe dire plis pase 24 èdtan.
- Gen yon avoka defans epi fè li yon entèvyou an prive.

5. KISA BIWO DEFANS PIBLIK LA OFRI?

Biwo Defans Piblik la bay:

- Asistans legal nan pwosesis pou ekspilsyon, refi viza ak abandon nan peyi a, lè sa a se yon konsekans pwosedi kriminèl.
- Asistans legal nan pwosedi kriminèl ak ekstradisyon.

6. KISA MWEN DWE FÈ SIM JWENN YON LÒD POUM SOTI NAN PEYI A?

Yon fwa ke ou te avize de yon lòd pouw soti nan peyi a, ou gen sèlman 24 èdtan pou pote yon plent devan Tribinal Siprèm lan. Apwoche a Biwo Defans lan pouw chèche konsèy.

Enfòmasyon ak Kontak Defans Piblik Penal

Sit wèb: www.dpp.cl

Telefòn: [+562 24396800](tel:+56224396800)

Adrès: Av. Bernardo O'Higgins 1449, Santiago.

Sous:

www.dpp.cl • <http://www.minjusticia.gob.cl/servicios>

Triptik "Siw se etranje e yo akizew".



VII. GLOSÈ

AFP

Administrasyon Fon Pansyon (AFP) yo se konpayi anonim piblik ki gen objektif se pou jere lajan pansyon. Yo finanse nan touche komisyon sou afilye yo epi yo ka ogmante ekonomi yo nan sa atravè envèstisman.

Rantre nan yon AFP se obligatwa pou tout travayè depandan yo. Nan ka sa a, patwon ou dwe fè pèman kontribisyon yo, li redwi l' sou salè travayè a sosyal la.

Travayè endepandan kapab antre volontèman. Si ou se travayè endepandan, ou dwe ranpli yon fòm pewòl ki disponib nan AFP ou ak lajan kach. Ou ka ranpli tou yon fòm elektwonik sou sit wèb www.previred.cl epi fè peman an sou entènèt.

Apostilla (sètifika legal)

Li se yon sètifikasyon inik ki senplifye chèn aktyèl legalizasyon nan dokiman etranje piblik, modifye fason pouw pwouve ke pyès ou yo bon atravè yon pwosedi inik. Dokiman ki pibliye nan peyi Chili yo pou itilize nan yon peyi manm Konvansyon apostil ki te sètifye pa yon apostil yo dwe rekonèt nan

nenpòt lòt peyi nan Konvansyon an san yo pa bezwen yon lòt kalite sètifikasyon. Menm jan an tou, dokiman ki antre nan apostilla nan peyi Chili (ki soti nan peyi ki fè pati Akò a) dwe rekonèt san yo pa bezwen yon sètifikasyon anplis. Pou enfòmasyon tankou kalite dokiman ki ka afekte, peyi manm nan Konvansyon an, elatriye, tcheke sit entènèt <http://apostilla.gob.cl/>

Lèt sètifye

Distribisyon pa korespondans nasyonal ak livrezon pèsonalize a moun k ap resevwa li a.

Sètifika bòn kondwit o bòn vi e mès

Li pèmèt yo konnen ofisyèlman si yon moun gen yon dosye kriminel oswa si li pa genyen, epi yo fèl a baz de enfòmasyon ki soti nan rejis la general kondanasyon yo. Se Rejis Sivil ak Sèvis Idantifikasyon ki bay dokiman sa.

Klasifikasyon Correos Chile

Yon klasifikasyon se yon pati prive ki nan yon branch nan Correos Chili. Li pèmèt yo gen yon adrès inik ak prive pou resevwa korespondans.

Kontra travay

Kontra travay la se yon akò ant yon travayè ki konpwomèt li pou bay sèvis sou lòd ak depandans yon anplwayè, an retou pou salè. Li ka sèlman egziste si tou de pati yo dakò sou obligasyon yo ak dwa ki nan relasyon travay la.

Kontribisyon sekirite sosyal Obligatwa

Kontribisyon yo se chaj travayè sosyal la epi yo retire li nan salè a, eksepte pou pèman Asirans Envalidite ak Asirans siviv, ki sou kont anplwayè a. Kontribisyon obligatwa travayè yo konpoze nan fason sa a:

-Pansyon:

- Kont endividyèl travayè a nan AFP a: 10%
- Frè pou administrasyon: li chanje selon AFP a.

-Sante:

- ISAPRE oubyen FONASA: 7%

-Asirans Cesantia(lèw pap travay) (Chanje selon kalite kontra a):

- Kontra endefini: 0,6%
- Kontra tèm fiks: 0% (Pa kontribye).

Kontribisyon obligatwa yo peye pa anplwayè a jan sa a:

- Asirans andikape ak siviv
- Asirans Cesantia (lè ou pap travay)
- Asirans aksidan nan travay la ak maladi profesyonèl (Mutual).

Depatman Imigrasyon ak Migrasyon

Kò sibòdone nan Sekretarya enteryè a nan Ministè Enteryè ak Sekirite Piblik la. Misyon li se garanti konfòmite avèk lejislasyon etranje yo ki nan peyi a, konsènan antre, soti, rezidans pèmanan oswa tanporè pou sitwayen etranje ki rete nan teritwa nasyonal la.

Jesyon travay

Li se yon kò piblik ki gen misyon pou veye ke Lejislasyon Travay la byen konpli, sekirite sosyal, sekirite ak sante nan travay la. Li ankouraje egzèsis libète asosyasyon, ranfòse sistèm prevansyon ak rezolisyon konfli yo, pou ankouraje relasyon ki pi kòrèk ant travayè ak anplwayè yo. Depatman Travay la pote fonksyon li yo atravè enspeksyon nan tout peyi a, nan kominote a, nan nivo pwovens ak rejyonal.

Divizyon Politik-administratif Chili

Pou fasilite lòd politik ak administratif, teritwa chilyen an òganize ak divize an inite ki pi piti, ki rele rejyon, pwovens ak komin. Rejyon yo se inite a pi gwo. Chak rejyon gen plizyè pwovens. Epitou, chak Pwovens gen plizyè komin. Koulye a, gen 15 rejyon, 54 pwovens ak 346 komin.

Finiquito

Ree yon fason legal kote yon travayè ak patwon li mete fen nan relasyon travay la nan ka demisyon oswa revokasyon. Dokiman sa a dwe idantifye klèman kòz revokasyon an ak akò kote tou de pati yo konpwomèt yo, a sa ki gen a wè a tèm yo, konpansasyon ak kantite lajan an ke patwon an dwe peye anplwaye a.

FONASA

Fon Sante Nasyonal la, FONASA, se kò piblik ki responsab pou bay pwoteksyon swen sante bay moun ki kontribiye 7% revni mansyèl yo nan FONASA, menm jan ak moun Leta finansyel pou yo atravè yon kontribisyon taks dirèk paske yo manke pwòp resous yo.

Gouvènman pwovens

Nan chak pwovens gen yon Gouvènman. Gen yon gouvènè ki an chaj li, Prezidan Repiblik la nome li epi li ka retire li nenpòt lè. Se responsablite gouvènè a fè e mete an pratik, annakò avèk enstriksyon entandan an, sipèvizyon sèvis piblik pwovens lan.

Akize

Se yon moun ki gen yon pwosè penal kont li.

Enspeksyon travay

Biwo ki resevwa plent sou diskisyon travay nan kominote a, nivo pwovens ak rejyonal yo. Yo depann de Direksyon Travay la.

Entandans

Gouvènman entèn nan chak rejyon rete nan entandan an, li se reprezantan an Prezidan an Repiblik la nan teritwa a jiridiksyon li a. Se presidan an ki nonmen li epi li nan pòs la toutan li konte sou konfyans li.

ISAPRE

Enstitisyon Sekirite Sosyal yo (ISAPRES) se konpayi prive ki bay sèvis nan finansman benefis sante ak pèman lisans medikal yo. Pou fè sa, yo kolekte kontribisyon pou sante ak asire afilye yo atravè plan sante yo ki opte pou yo. Yo sèvi apeprè 18% popilasyon an.

Ministè developman sosyal

Se pati nan Leta a ki desine epi aplike règleman, plan ak pwogram nan domèn developman sosyal, sitou sa ki vize pou elimine povrete epi bay pwoteksyon sosyal pou moun oswa gwoup vilnerab yo.

Ministè Edikasyon

Se pati ki nan Leta ki responsab pou fè pwomosyon pou developman edikasyon nan tout nivo, atravè yon edikasyon imanis, demokratik, ekselan epi ouvè a mond lan nan tout nivo ansèyman. Enstitisyon sa lapou asire dwa tout elèv yo, nan etablisman piblik tankou prive.

Ministè enteryè ak sekirite piblik

Li se pati nan Leta a ki responsab pou règleman yo ak aksyon sou entèn politik ki vize pou kenbe lòd piblik, sekirite ak lapè sosyal.

Meri

Administrasyon lokal la nan chak komin oswa gwoup komin yo ki detèmine lalwa a rete nan yon meri. Yo se kòporasyon otonòm anba lalwa piblik, ki gen objektif pou satisfè bezwen yo nan kominote lokal la epi asire patisipasyon yo nan pwogrè ekonomik, sosyal ak kiltirèl. Li gen ladan li majistra a, ki se otorite maksimòm li yo, ak konsèy la.

Notè

Yon notè se yon avoka ki gen kòm fonksyon pou bay karaktè piblik a dokiman prive yo, li otorize yo ak siyati li. Prezidan Repiblik la chwazi pou travay sa.

Biwo Pwovensyal pou Etranje yo

Biwo ki depann de Gouvènman pwovensyal la pou fè oswa jere pwosedi dokiman etranje yo nan teritwa pwovens la.

Plan atansyon a Migran

Inisyativ Ministè Enteryè ak Sekirite Piblik, ki sipòte atansyon migran yo nan kenz pwovens: Arica, Iquique, Antofagasta, El Loa, Copiapó, Elqui, Valparaíso, San Antonio, Chacabuco, Melipilla, Maipo, Cachapoal, Curicó, Concepción, Magallanes. Pou plis enfòmasyon vizite sit wèb sa: www.planmigrantes.gov.cl

Pèmanans Definitif

Pèmanans definitif la se pèmasyon yo akòde etranje yo pou abite endefiniman nan peyi Chili ak pou nennpòt aktivite legal nan peyi a.

RUN-RUT

Wòl Inik Nasyonal (RUN, Rol Único Nacional) se nimewo idantifikasyon inik, ki pa janm chanje, ke tout chilyen genyen, ke lap viv ou pa nan peyi a, etranje yo tou ki rete nan peyi a genyen li, tanporèman oswa pou tout tan. Biwo ki bay RUN la se Rejis Sivil ak Sèvis Idantifikasyon. Run nan, yo bay li a moun ki fèt nan peyi Chili, nan moman enskripsyon nesans lan. RUN lan tou se Wòl Taks Inik (RUT, Rol Único Tributario).

Rejis Sosyal Fwaye yo

Rejis Sosyal Fwaye yo (Registro Social de Hogares, RSH) se yon sistèm enfòmasyon ki sipòte aplikasyon an ak seleksyon benefisyè enstitisyon Leta ki bay benefis sosyal. Ki baze sou enfòmasyon ke yon moun nan kay la ki gen plis pase 18 ane ak enfòmasyon administratif ke Leta genyen, li mete kay la nan yon seksyon kalifikasyon Sosyo ekonomik, ki pèmèt yo aplike ak gen aksè ak benefis sosyal. Pati ki jere li se Ministè Devlopman Sosyal.

Salè minimòm

Lwa N° 20.935, ki pibliye nan jounal Diario Oficial jou ki te 30 jen 2016, etabli nan 1er atik la valè yo nan revni minimòm nan chak mwa, sa ki, a pati de 01 de enero de 2017, te fikse a \$264.000 pou travayè ki gen ant 18 y 65 lane laj.

Sipèentandan Edikasyon

Objektif li se pou asire ke moun ki gen etablisman edikasyonèl ke Leta rekonèt ofisyèlman yo, konfòme yo avèk lwa, règleman ak enstriksyon Sipèentandan an. Li sipèvize itilizasyon resous ke etablisman resevwa nan men leta yo. Epitou, travay li se ankouraje, enfòme ak edike tout manm kominote edikasyonèl ak sitwayen yo an jeneral, sou règleman edikasyonèl ak pwoteksyon dwa yo.

Mèt/ Depandan

Detantè yon viza se moun ki resevwa dirèkteman otorizasyon rezidans la. Depandan yo se moun ki benefisye de viza a de yon detantè, pa mwayen lyen an ke li genyen ak li. Li aplike a mari oswa madanm, timoun ak pitit fi, ak lòt moun.

Viza

Yon viza se yon otorizasyon kondisyonèl akòde pa yon peyi a yon sitwayen etranje, pou antre nan epi rete tanporèman nan peyi sa a, oubyen pou kite peyi a. Li se yon dokiman ki kole paspò a, pou montre ke li te egzamine epi konsidere kòm valab pou moun ki antre oubyen soti nan yon peyi.

VIII. BIWO IMIGRASYON NAN PUOVENS YO

Arica

San Marcos 157, Arica.

Parinacota

José Miguel Carrera 350
Putre.

Iquique

Avda. Arturo Prat 1099
Iquique.

Tamarugal

Tamarugal 180, Pozo Almonte.

El Loa

Granaderos 2296, Calama.

Antofagasta

Jorge Washington 2534
Antofagasta.

Tocopilla

21 de mayo 1645, Tocopilla.

Huasco

Plaza s/n, Edificio
Gobernación, Vallenar.

Copiapó

Chacabuco 520, piso 1
Copiapó.

Chañaral

Buín 462, piso 2, Edificio
Gobernación Chañaral.

Choapa

Ecuador 220, Illapel.

Limarí

Socos 154, Edificio
Gobernación Ovalle.

Elqui

Aldunate 950, Coquimbo.

Los Andes

Esmeralda 387, Edificio
Gobernación piso 2, Los Andes.

San Felipe

Salinas 1231, piso 3
San Felipe.

Valparaíso

Melgarejo 669, piso 15
Valparaíso.

Isla de Pascua

Kiri Reva s/n, Isla de Pascua.

Petorca

Portales 367, La Ligua.

Quillota

La Concepción 315, Edificio
Gobernación, Quillota.

Marga Marga

Andrés Bello 426, Quilpué.

San Antonio

Avda. Ramón Barros Luco
1960 Barrancas.

Chacabuco

Carretera Gral. San Martín 253
Colina.

Santiago

-San Antonio 580, pisos 2 y 3.
-Fanor Velasco 56.

Cordillera

Eliana Greisse Lazcano s/n
Edificio Gobernación,
Puente Alto.

Talagante

Av. Bernardo O'Higgins 1188
Talagante.

Melipilla

Ortúzar 336, Melipilla.

Maipo

Freire 493, San Bernardo.

Cachapoal

Plaza los Héroes s/n
Rancagua.

Cardenal Caro

Avda. Costanera 78
Edificio Gobernación,
Pichilemu.

Colchagua

Olegario Lazo 602
San Fernando.

Curicó

Carmen 560, piso 4, Curicó.

Talca

1 Poniente 865, Edificio
Gobernación, Talca.

Linares

Manuel Rodríguez 580, piso 2
Edificio Gobernación, Linares.

Cauquenes

Antonio Varas 450, piso 2
Cauquenes.

Ñuble

Avda. Libertad s/n, Edificios
Públicos, piso 2, Chillán.⁴

Biobío

Caupolicán 410, piso 2
Los Ángeles.

Arauco

Andrés Bello 215, piso 2
Edificio Gobernación, Lebu.

Concepción

Aníbal Pinto 442, piso 2
Concepción.

Malleco

Lautaro 226, Angol.

Cautín

Bulnes 590, piso 2
Edificio Intendencia, Temuco.

Valdivia

Picarte 1448, Valdivia.

Ranco

Cayetano Letelier 365
Edificio Gobernación,
La Unión.

Osorno

Avda. Libertador Bernardo
O'Higgins 667, piso 2, Edificio
Gobernación, Osorno.

Chiloé

O'Higgins s/n, piso 2, Castro.

Llanquihue

San Martín 80, piso 2
Edificio Gobernación,
Puerto Montt.

Palena

Bernardo O'Higgins 54
Edificio Gobernación, Chaitén.

Capitán Prat

Esmeralda 199, Cochrane.

Aysén

Esmeralda 810, Edificio
Gobernación, Puerto Aysén.

General Carrera

Avenida Bernardo O'Higgins
192, Chile Chico.

Coyhaique

Errázuriz 375, Coyhaique.

Antártica Chilena

O'Higgins 187
Puerto Williams.

Última Esperanza

Eberhard 417, Edificio
Gobernación Puerto Natales.

Magallanes

Julio Roca 924, Punta Arenas.

Tierra del Fuego

Padre Mario Zavattaro 525
Edificio Gobernación,
Porvenir.

Sant apèl
pou tout peyi a:
600 486 3000

⁴ Pwovens Ñuble pral vinn yon Rejyon e lap genyen 3 pwovens ladan l: Itata, Punilla y Diguillín.

KW EY Ò L V E S Y O N



GID POU IMIGRAN

Kōman pou jwenn aksè a benefis
sosyal yo nan Chili?

